**Алмахъ рикIкIад буго,**

**□□□□□□□□ чу хIалакъ буго …**

Къали кIутIичIони гьал дир кIутIбуца

Ихтияр кьоларо кечI-бакъаналъе.

ХъахIаб гьумералъул гургинал берал,

Сахго гIатIал цIурай тIехIай дир гьудул.

**Алмахъ рикIкIад буго, чу хIалакъ буго,**

**Гьанже мун ячине дир чара гьечIо.**

Эбел-инсул адаб гIодобе рехун,

Нухда чан гьабулей чалухъай гьудул.

Лъабкъоялда анцIилъ гIумро барав дун,

ГIолохъанчи гьанже дуе лъвинарев,

ТIолго рас хъахIлъараб гьаб дир магжида

ЧIегIераб рас бакки щакаб жо буго.

КъулгIадухъ ццулъарал къоролзабаца

Дуе къор гъун толеб хасият буго.

КъулгIадухъ рачIунел гIолилал ясал,

Къоролалъул гIакъло гIадахъ босуге.

Рукъалде мугъ рехун къулгIадухъ рахъин

Силъун бихьун бугин къоролзабазда.

Росалгунги кьаллъун къотIнов гьудул кквей

Ирслъун бихьун бугин къоролзабазда.

Жидерго курсазда ясал куцизе

Макраби рукIунел къоролзабазухъ.

КъулгIадухъ рачIунел гIолил ясазда

Нужерго гIадалъан гIакъло малъуге.

БукIараб замана СагитхIажилги

МахIо беканиги галадуластреб.

Бихьулищ къоролалъ дуда малъулеб

Херав СагитхIажи къвалакь кквейилан.

ХъахIаб дир магжида кверал рахъизе

Кин хиял гьабурай гьалагай дуца.

Херав СагитхIажихъ гIанса бегьун те,

ГIолилав васасул къвалакье лъугьа.

Рукъой лъади йиго гъалал хъахIлъарай,

Гъолда къвалакьго лъикI СагитхIажие.

Халат къвалакь ккураб лаченги хисун

Чаргъадил бусада рекъон ккеларо.

ТIинчIай ясги ячун росолъ вачIани,

Алмахъ росдал хераз гIайиб чIваларищ.

Къвалакье мунги къан, къотIнов вахъани

Гьаглъун вугин дунан, махал ран тела,

Сонал данде ккунин ригьин гьабулеб…

ГохIда бекьани хур ракъдалаб ккола,

Хьонлъода бекьани раччдалаб ккола,

РитIлада бекьани хур лъикI бачIуна,

КъулгIа хьихьун ругел къоролзабазе

Анищазги бекьун хур бачIинаро.

Биллил шурмазухъе ракIал щущаял,

Щварал россал хьихьун хьвадизе лъачIел.

Щобда бекьаниги хур бачIунгеял,

Хиялазда рухьун намусго гьечIел,

Чвахул ганчIазукье гарбал ккаял нуж,

Гьаб дир чалмаялъул адаб гьабичIел.

Рокьол чIор речIчIарав чIаго толарин,

ЧIаго СагитхIажи виччанте нухда.

КъулгIадухъ гIодор чIа дун вачIинегIан,

Сапаралъ кватIани тIад вуссинаро.

Сагитхажи Саримирзаев, Алмак